



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON SOU PWOJÈ SEKIRITE AK RANPLASMAN PON NAN SOUTHERN TIER KI KOUTE 21.2 MILYON DOLA

Pon an konekte U.S. Route 11 ak Rivyè Tioughnioga nan Vilaj Whitney Point, Konte Broome

Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon ap kòmanse sou yon pwojè 21.2 milyon dola nan Vilaj Whitney Point ki pral ranplase pon U.S. Route 11 la sou Rivyè Tioughnioga, konstwi 2.4 km nouvo twotwa ki konfòm ak ADA sou tou de bò Route 11 Etazini an apati Main Street rive nan Keibel Road, epi enstale nouvo pasaj pou pyeton nan Lekòl Elemantè Whitney Point ak Pak Ekspozisyon Konte Broome lan. Kòm yon pati nan pwojè a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ap travay ak K LAW Industries pou entegre vè resikle nan beton, sa k ap ogmante fòs beton an pandan y ap bese kontni siman ak emisyon kabòn yo. Whitney Point se kay Pak Ekspozisyon Konte Broome lan epi sèvi kòm yon kalfou pou destinasyon nan Southern Tier ak New York Santral tankou Binghamton, Cortland, Syracuse ak Ithaca.

"Pwojè sa a, ki amelyore sekirite ak aksè pou pyeton pandan y ap ranplase yon pon ki gen 77 tan, se yon investisman solid nan fiti Whitney Point, ki se lakay youn nan pi bon fwa konte yo nan tout Empire State la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm ak inovasyon nan nouvo teknoloji ki pral bese emisyon kabòn, pwojè sa a pral non sèlman ranfòse enfrastrikti Vilaj la, men li pral fè l tounen yon kote ki pi fleksib pou viv, travay ak elve yon fanmi."

Pon U.S. Route 11 la sou Rivyè Tioughnioga a bay yon koneksyon vital ak biznis, opòtinite lwazi ak enstalasyon kominotè sou U.S. Route 11 la. Li bay vwayajè yo aksè tou pou Interstate 81 ak State Routes 26, 79, ak 206. Kantite sikilasyon an mwayèn chak jou nan limit pwojè a plis pase 11,000 machin pa jou. Pon ki egziste deja ki konekte U.S. Route 11 sou Rivyè Tioughnioga a se yon estrikti twa travès an asye ki te konstwi an 1947 epi li ap pwoche nan fen dire sèvis li. Pon an sou Lis Siveyans kont Inondasyon nan Gwo Risk Eta a ki egzije siveyans 24/24 7/7 lè nivo dlo a rive nan yon elevasyon predetèmine.

Nouvo estrikti a pral yon pon milti-travès ki gen mwens tandans sibi enpak inondasyon, sa ki pral pèmèt yo retire li nan Lis Siveyans kont Inondasyon an Gwo Risk Eta a. Karakteristik estetik nouvo pon an, ki gen ladan ray pon an ak ekleraj woutyè, te fèt pou konplèman vizyèlman yon pon adjasan, ki te rekonstwi an 2017 epi ki konekte East Main Street ak Rivyè Tioughnioga.

KLAW Industries, ki te resevwa yon prim nan men Enstiti Beton Ameriken (American Concrete Institute) an pou pwosesis pwodiksyon beton inovan li yo, te fòme an 2019 pa etidyan Inivèsite Binghamton lokal yo epi li te devlope nan Enkibatè Koffman Southern Tier la, yon enkibatè biznis ak sant pou aktivite demaraj nan zòn rejyon an. Pwojè vè resikle a swiv evalyasyon pèfòmans NYSDOT teknoloji a, pandan y ap demontre yon angajman pou rezistans ak dirabilite atravè itilizasyon inovan materyèl ki resikle lokalman, k ap sipòte objektif klima anbisye New York yo.

Travay sou pwojè a prevwa dire jiska fen 2026. Y ap konstwi yon pon tanporè adjasan ak pon ki egziste deja pou akomode sikilasyon pou pyeton, machin nan de direksyon, ak sikilasyon bisiklèt pandan konstriksyon an. Chanjman liy sou U.S. Route 11 la pral nesè pou konstwi nouvo twotwa ak pasaj pou pyeton.

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pwojè sa a sou wout U.S. Route 11 se youn ke Depatman Transpò a trè fyè pou l pote bay moun Whitney Point ak vizitè li yo. Antanke yon vizitè souvan ak yon admiratè nan Southern Tier New York la, pwojè sa a gen yon bagay pou tout moun: li pral amelyore sekirite pou moun ki patisipe nan fwa yo, amelyore kapasite pou mache nan Vilaj la, epi ranplase yon pon ki fin aje pa yon estrikti ki pi fleksib. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwodwi fini an pèsònèlman."

Senatè Eta Lea Webb te deklare, "Mwen kontan wè pwojè enfrastrikti enpòtan sa a ap kòmanse isit la nan Whitney Point. Mèsi Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a ki fè investisman enpòtan sa a nan kominote riral nou an. Non sèlman fon eta sa yo pral pèmèt nou ranplase pon sa a, men li pral asire tou ke koridò enpòtan sa a nan kominote nou an konfòm ak ADA. Mwen kontan dèske KLAW Industries, youn nan inovatè lokal nou yo, pral jwe yon wòl kle nan pwojè enpòtan sa a."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Asire aksè ak bon jan kalite enfrastrikti pou chak kominote mwen gen privilèj pou m reprezante nan Asanble Eta New York la se youn nan pi gwo priyorite mwen. Mwen kontan wè ke konstriksyon ap fèt sou nouvo pon U.S. Route 11 lan atravè Rivyè Tioughnioga nan Vilaj Whitney Point. Pwojè sa a anbrase teknoloji inovan ke konpayi lokal KLAW Industries devlope, pandan l ap aplike pi bon jeni ak konsepsyon pon modèn. Investisman sa a pral gen yon gwo enpak pozitif sou Vilaj la ak kominote ki antoure a, sa ki pèmèt Whitney Point kontinye sèvi kòm yon destinasyon ak kafou transpò rejyonal esansyèl pou plizyè deseni k ap vini yo!"

Majistra Whitney Point, Jason Somers, te deklare, "Antanke Majistra Whitney Point, mwen kontan anpil pou kòmansman pwojè transfòmasyon 21.2 milyon sa a, ki pral non

sèlman ranplase pon U.S. Route 11 ki aje sou Rivyè Tioughnioga, men tou ki pral amelyore kominote nou an ak nouvo twotwa ki konfòm ak ADA ak pasaj ki pi an sekirite nan lokal kle yo. Pwojè sa a mete aksan sou angajman nou an pou dirabilite nan enkòpore vè resikle an beton, diminye emisyon kabòn, ak ogmante fòs li. Nouvo pon an pral bay yon koneksyon ki pi solid pou rezidan nou yo, elèv lekòl nou yo, ak vizitè yo - asire vwayaj ki pi an sekirite ak pi efikas nan tout rejyon nou an. Devlopman sa a se yon etap enpòtan pou Whitney Point, ki ranfòse pozisyon nou kòm yon kafou enpòtan nan Southern Tier ak New York Santral. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta a pou devouman yo pou amelyore enfrastrikti nou yo ak kalite lavi nou."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta New York ap fè efò pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [Instagram](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)